



Pou Piblikasyon Imedya: 09/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AJANS YO NAN ETA A AP SIVEYE NIVO DLO YO LAK ONTARIO A APRE GWO LAPLI YO**

***Nivo dlo Lak Ontario a aktyèlman pi wo pase 247 pye; Previzyon yo sijere ke nivo dlo yo ka ogmante; Pwen ki pa ba yo nan lak la kòmanse inonde nan 248 pye***

***Depatman Konsèvasyon Anviwònman ak Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans yo kontinye siveye previzyon yo ak nivo lak la***

***Ajans yo pare pou yo deplwaye plis pase 25,000 sak sab ranpli bay responsab ijans lokal yo pou redui enpak potansyèl inondasyon nan kominote bò lak yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke pèsonèl ajans Eta New York la ap siveye depre ogmantasyon nivo dlo yo nan Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence, piske nivo lak la te depase 247 pye, apre lapli long nan tout sistèm gwo lak yo nan semèn pase yo. Pandan ke nivo dlo yo poko rive epi yo pa prevwa yo ap rive nan etap inondasyon nou te wè an 2017 ak 2019, ajans ki gen ladan Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) yo ap kowòdone efò yo ak prepare resous pou ede kominote bò lak yo avèk potansyèl enpak inondasyon yo. Ajans yo pral mete sak sab, ponp ak lòt resous pou diminye inondasyon yo disponib pou gouvènman lokal yo, jan sa nesèsè, pandan semèn k ap vini yo.

"Rezidan k ap viv ak travay bò Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo te fè fas a gwo difikilte nan dènye ane yo, men lè nou pran mezi pwoaktif ak kowòdone avèk patnè gouvènman lokal nou yo bò lak la, nou asire kominote nou yo ki te afekte pa evènman inondasyon anvan yo gen resous ak enfòmasyon yo bezwen pou bese enpak potansyèl inondasyon ane sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou pral kontinye travay ansanm ak patnè lokal ak federal nou yo pou siveye nivo dlo Lak Ontario epi nou pare pou deplwaye resous pou pwoteje rezidan yo ak biznis yo kont inondasyon bò lak la".

Akòz gwo lapli resan yo nan sistèm gwo lak yo, nivo dlo Lak Ontario a kounye a pi wo pase 247 pye epi previzyon yo sijere nivo yo ka kontinye ap monte, amezi Komisyon Konjwen Entènasyonal (IJC) la ap jere sikilasyon dlo nan sistèm nan pou fè fas a inondasyon nan tout rejyon an. Nan dènye ane yo, pwen ki pi ba yo sou lak la te kòmanse inonde nan apeprè 248 pye. Nivo maksimòm istorik lak la se 249 pye.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (DHSES) ap travay nan tèt kole ak Depatman Konsèvasyon Anviwònman (DEC) ak lòt patnè ajans eta a pou kowòdone disponiblite resous pou diminyasyon inondasyon, tankou ponp ak sak sab, si responsab jesyon ijans lokal yo mande asistans. Semèn pase a, anplwaye sou teren ki soti nan Biwo Jesyon Ijans (OEM) lan te patisipe nan yon apèl konferans avèk patnè lokal yo nan konte Cayuga, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego ak Wayne konsènan nivo lak yo epi diskite sou disponiblite resous eta yo, si inondasyon ta vin yon pwoblèm. Eta New York ap kowòdone tou avèk Kò Enjenyèr Lame Amerikèn nan sou efò preparasyon ki gen sipò gouvènman federal la anvan nenpòt ki nivo dlo ki ta ka wo.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Plizyè peryòd gwo lapli resan yo te mennen nan nivo dlo ki pi wo pase mwayèn nan Lak Ontario. Menm si pa gen okenn rapò aktif sou inondasyon, epi pwojè REDI Eta a te rann bò rivaj la vreman pi rezistan a gwo dlo, nou kontinye siveye nivo dlo yo epi nou pare pou ede kominote bò rivaj yo avèk resous yo, si sa nesèsè".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la ak Ko-Prezidan Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik Lak Ontario a, Basil Seggos, te deklare,** "Preparasyon se kle lè li gen pou wè ak kondisyon nivo dlo a ki pa sispann chanje sou Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence. DEC ap travay dirèkteman ak Gouvènè Hochul, DHSES, IJC, ak lòt patnè eta ak lokal yo pou ede asire nou gen enfòmasyon ak materyèl ki nesèsè pou reponn a nenpòt kondisyon inondasyon ki rive. Atravè siksè kontinyèl nan egzekisyon pwogram REDI nan rejyon an, Eta New York ede ak sipòte kominote ki gen tandans sibi inondasyon yo bò Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence".

Resous anba yo disponib pou deplwaye apati rezèv rejyonal Eta a pou ede kominote bò rivaj yo:

- 957 ponp dlo
- 1,474 jeneratè
- 20 operatè sak sab
- 1,589,805 sak sab
- 403 barikad sikilasyon
- 580 baril sikilasyon
- Baraj akwatik ki mezire 35,224 pye

Inondasyon rekò an 2017 ak 2019 te lakòz gwo domaj nan kay, biznis, ak enfrastrikti bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence epi Eta New York te travay nan tèt kole ak kominote yo pou ede adrese bezwen imedyà yo avèk sak sab, jeneratè, ak [yon pèmi jeneral ki toujou anvigè](#) pou ede akselere estabilizasyon rivaj ak aktivite reparasyon estriktirèl yo. An 2019, entèvansyon eta a te vin siyifikativman ranfòse avèk kreyasyon [Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik Lak Ontario](#) a ki bay jiska 300 milyon dola pou benefisyè kominote yo, amelyore rezistans alontèm, ak ranfòse ekonomi lokal yo nan rejyon an.

## Konènan Inisyativ sou Rezistans ak Devlopman Ekonomik (REDI) Lak Ontario a

An repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo an 2019, Eta New York te kreye REDI pou ogmante rezistans kominote bò rivaj yo epi pou ranfòse devlopman ekonomik nan rejyon an. Senk Komite Planifikasyon Rejyonal REDI, ki gen ladan reprezantan ki soti nan Konte Niagara, Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga, Oswego, Jefferson, St. Lawrence te etabli pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk yo ak lòt resous epi bagay ki poze yon pwoblèm pou sekirite piblik la.

Komisyon REDI ak Ekip REDI ap travay avèk kominote yo ki afekte nan inondasyon 2019 la pou fè avanse 134 pwojè rezistans kont inondasyon. Pwojè sa yo fèt pou non sèlman rebati enfrastrikti ki andomaje oswa ki gen risk, men tou pou rebati nan kenbe aspè rezistans klimatik la nan tèt nou. Pandan kondisyon meteyo ekstrèm akòz klima a ap ogmante, Eta New York kontinye angajman li pou asire kominote yo konnen ki pi gen risk yo ap prepare. Pwojè yo chwazi atravè Pwogram REDI a pral ede asire sante ak sekirite rezidan yo ak vizitè yo, pandan y ap kenbe zòn yo ouvè ak aksesib pandan tan gwo dlo ak evènman move tan. Pwojè sa yo gen ladan amelyorasyon nan egou dlo lapli yo, agrandisman ak amelyorasyon nan wout ki degrade akòz inondasyon yo, ak dragaj wout dlo kle yo ki founi yonabri sekirite ak aksè nan biznis lokal pou bato lwazi, pami lòt.

Pwojè yo chwazi yo non sèlman ankouraje sekirite piblik, yo sipòte tou ekonomi touris ki enpòtan anpil nan rejyon an. Depi kreyasyon pwogram REDI Eta a an 2019, 134 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo kòmanse, sa ki gen ladan 33 pwojè nan faz konsepsyon, 46 pwojè nan faz konstriksyon ak 55 pwojè ki fini. Atravè Pwogram Dragaj REDI a, yo te drage 20 kanal navigasyon atravè uit konte. Pou plis enfòmasyon sou pwojè sa yo, klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)